

Latihan Ulangan


Seméster 2

I. Pilih salah sahiji jawaban nu benerna. Pigawé dina buku pancén!

1. Nu lain babagéan dina biantara nyaéta
 - a. bagéan pamuka
 - b. bagéan eusi
 - c. bagéan panutup
 - d. bagéan judul
2. Nu mangrupa kalimah panutup dina biantara nyaéta
 - a. Wilujeng énjing, *Assalamu'alaikum wr. wb.*, puji sinareng sukur ka Allah SWT nu parantos masihan kani'matan di dunya
 - b. Dina raraga miéling Hari Pramuka tanggal 14 Agustus 2004 kamari, ngayakeun kagiatan "kemping" di Bumi Perkemahan Blok Sawah Pakuwon
 - c. Mudah-mudahan biantara ti abdi tiasa ngaronjatkeun pangaweruh sadérék sadaya pikeun kaséhatan lingkungan. Hatur nuhun kasadayana. *Wassalamu'alaikum wr. wb.*
 - d. Dina danget ayeuna, urang medar ngeunaan kaséhatan lingkungan
3. Babagéan nu teu aya dina formulir nyaéta
 - a. alamat
 - b. wasta
 - c. tempat jeung tanggal lahir
 - d. ngaran uyut
4. Dina formulir ogé sok aya katerangan séjénna, di antarana, nyaéta
 - a. kop surat, sarat, poto nu ngeusian
 - b. kop surat, sarat, poto ibu/bapa
 - c. eusi surat, ngaran babaturan, poto nu ngeusian
 - d. kop surat, katerangan pulisi, poto nu ngeusian
5. Nu kaasup kana kalimah piwuruk nyaéta
 - a. Aduh, mani rajin pisan budak téh.
 - b. Yana miceun runtah di sisi jalan.
 - c. Upami miceun runtah téh kedah kana tempatna, bilih janten banjir!
 - d. Di mana ari miceun runtah téh?



6. Rupa-rupa jenis grafik, di antarana, nyaéta
- Grafik batang, grafik garis, jeung grafik buleud (lingkaran)
 - Grafik batang, grafik garis, jeung grafik kertas
 - Grafik plastik, grafik garis, jeung grafik buleud (lingkaran)
 - Grafik batang, grafik peta, jeung grafik buleud (lingkaran)
7. Titénan gambar peta (kar) ieu di handap!
(Soal nomer 7 – 9 dumasar kana peta di luhur).
Wates Kacamatan Bungbulang beulah wétan nyaéta



- Kacamatan Cisurupan
 - Kacamatan Pameungpeuk
 - Kacamatan Bayongbong
 - Kacamatan Cikajang
8. Wates Kacamatan Bungbulang beulah kulon nyaéta
- Kacamatan Cisurupan
 - Kacamatan Pameungpeuk
 - Kacamatan Bayongbong
 - Kacamatan Cikajang
9. Wates Kacamatan Pameungpeuk beulah kidul nyaéta
- Kacamatan Cisurupan
 - Kacamatan Bungbulang
 - Kacamatan Bayongbong
 - Kacamatan Cikajang
10. Titénan gambar grafik ieu di handap!





Kalimah nu saluyu jeung eusi grafik di luhur, nyaéta

- a. Taun 2002 nagara Indonesia ngimpor béas 100 ton.
- b. Ti taun 2002 nepi 2003, nagara Indonesia ningkatkeun impor béas 100 ton.
- c. Taun 2006 nagara Indonesia ngimpor béas kira-kira 500 ton.
- d. Taun 2004 nagara Indonesia ngimpor béas 300 ton.

11. Ieu di handap hal-hal nu kudu aya dina riwayat hirup nyaéta
 - a. wasta, nénéhna, tanggal lahir, ukuran baju
 - b. wastana, riwayat atikan, padamelanna, pangajén, no telepon
 - c. wasta, nénéh, riwayat atikan, ukuran baju, pangajén.
 - d. wasta, nénéhna, ukuran sapatu, ukuran baju

12. Kalimah piwuruk nu saluyu jeung gambar di gigir nyaéta

- a. Ari jadi jalma kudu boga kawani.
- b. Ari lalaki ulah sok épés méér.
- c. Cing, atuh ulah sok paraséa ari jeung babaturan mah, matak éra.
- d. Kudu daék dititah ari jadi lalaki mah.



13. Kalimah nu tulisanana saluyu jeung éjahan, nyaéta

- a. industri-industri anu dihasilkeunana téh ti Pabrik-pabrik laleutik nu teu matak ngaganggu masarakat alatan polusi;
- b. Boh polusi udara, boh polusi alatan cai Pamiceunan.
- c. Ti baréto kénéh Kabupatén Garut kakoncara ku hasil industrina.
- d. aya industri panyamakan kulit. kadaharan mangrupa dodol, jeung sajabana.

14. Kagiatan ngarembugkeun atawa ngabadamikeun hiji atawa sababaraha pasualan kalayan babarengan disebut

- a. sawala
- b. biantara
- c. metakeun drama
- d. warta

15. Béja nu katarima tina koran, radio, atawa televisi disebutna

- a. informasi
- b. warta
- c. amanat
- d. piwuruk